# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–25 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बहराइच में एक सौ छत्तीस परिवारन के मुख्यमंत्री आवास, सौचालय आ आवास बदे जमीनि के पट्टा दिहले से जुड़ल कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रदेस सरकार बिना भेदभाव के हर पात्र ले योजना क लाभ सुनिस्चित करवले हौ, जवने से हर घर में सम्मान, सुरक्षा आ स्वावलम्बन क संचार हो सके।

**जब सेवा और संवेदना शासन की व्यवस्था का हिस्सा बनता है, तब गरीब के घर में शौचालय बनता है। जब सेवा और संवेदना जीवन का हिस्सा बनता है तो सरकार इसे अपने एजेंडे का हिस्सा बनाती है। तब गरीब के घर में मकान बनता है, एक आवास की सुविधा उसे प्राप्त हो मिलती है। जब सेवा और संवेदना बोलती है तब गरीब को आयुष्मान का कार्ड बनता है। तब गरीब को शासन की सुविधा आसानी से प्राप्त होती है।**

मुख्यमंत्री येह मौका पर एक सौ अट्ठारह हितग्राहियन के एक्कइस दसमलव पांच करोड़ से बेसी के रासियो क हस्तांतरण कइलें। मुख्यमंत्री अजुये बलरामपुर जिला के तुलसीपुर के आदिशक्ति मां पाटेश्वरी देवी सक्तिपीठ में दरसन–पूजन कइलें आ प्रदेसवासियन के सुख–समृद्धि अउरी कल्याण क कामना कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर पहुंचलें। उहां के मदन मोहन मालवीय प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय में छात्रावास निर्माण से जुड़ल भूमि के पूजन आ सिलान्यास अउरी सीएफआर सेंटर के उद्घाटन कार्यक्रम में सामिल भइलीं। येह मौका पर उहां के कहलीं कि बेटियन क सुरक्षा, सम्मान आ स्वावलम्बन बदे छात्रावास जइसन सुविधा आजु क जरूरति हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अध्यक्षता में आजु भइल केन्द्रीय मंत्रिमण्डल क बइठकी में जनहित क कई गो महत्वपूर्ण निर्णय लिहल गइल। कैबिनेट, अट्ठाइस आठ सौ चालीस करोड़ रूपिया कै कुल परिव्यय के साथे रिजनल कनेक्टिविटी स्कीम–संसोधित उड़ान योजना के मंजूरी दे दिहलस। येह योजना के तहत देस भर में सौ गो नया एयरपोर्ट आ दुइ सौ हेलीपैड बिकसित कइल जइहें, जेहसे क्षेत्रीय हवाई सम्पर्क के बढ़ावा मिली।

**********

केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान आजु गोरखपुर दौरा पर पहुंचलें। येह दौरान एयरपोर्ट पर मीडिया से बतियावत उहां के किसानन के भरोसा दिहलीं कि देस में फर्टिलाइजर क पुरहर इंतिजाम बा। खेती–बारी में केहू के कउनों दिक्कति नाहीं आई।

***कोई कमी नही है किसान भाई–बहन आश्वस्त रहें। हमारे पास फर्टिलाइजर की पर्यापत व्यवस्था है। खेतीबारी में कोई दिक्कत नही आएगी। आगे बाकी व्यवस्था बनी रही इसके लिए प्रधानमंत्री जी के नेतृत्व में हम दिन और राम प्रयत्न कर रहे हैं।***

केन्द्रीय मंत्री श्री चौहान गोरखपुर के जंगल कौड़िया बलाक में आयोजित पूर्व विधायक स्वर्गीय ओम प्रकाश पासवान के तीसवां पुण्यतिथि कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह दौरान उहां के पौधा लगवलीं आ कई गो योजनन के लाभार्थियन के किटो बंटलीं। येह मौका पर केन्द्रीय ग्रामीण विकास राज्य मंत्री कमलेश पासवान के सथहीं कई गो अउरियो जानल–मानल लोगि मौजूद रहलें।

**********

केन्द्र सरकार ओह खबरन आ सोसल मीडिया सनेसन क खंडन कइले हवे, जेहमें दावा कइल गइल बा कि प्रधानमंत्री उज्ज्वला योजना–पी.एम.यू.वाई. के तहत एलपीजी कनेक्सन बदे रिफिल बुकिंग क समय सीमा के ससोधित कइ के पैंतालीस–पैंतालीस दिन कइ दिहल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

***दावों में यह भी कहा गया है कि गैर–पी.एम.यू.वाई. सिंगल बॉटल कनेक्शन के लिए नई समय सीमा पच्चीस दिन और गैर–पी.एम.यू. वाई. डबल बॉटल कनेक्शन के लिए पैंतीस दिन है। पेट्रोलियम और प्राकृतिक गैस मंत्रालय ने स्पष्ट किया कि ऐसा कोई बदलाव नहीं किया गया है और मौजूदा रिफिल बुकिंग की समय सीमा अपरिवर्तित है। इस बीच, भारत पेट्रोलियम और हिंदुस्तान पेट्रोलियम ने कहा है कि देश भर में ईंधन की कोई कमी नहीं है। एक सोशल मीडिया पोस्ट में मंत्रालय ने कहा कि एलपीजी, कच्चे तेल, पेट्रोल, डीजल और एविएशन टर्बाइन फ्यूल का पर्याप्त भंडार उपलब्ध है और आपूर्ति श्रृंखला बिना किसी रुकावट के सुचारू रूप से चल रही है। मंत्रालय ने यह भी स्पष्ट किया है कि कुछ क्षेत्रों में पेट्रोल और डीजल की कमी की अफवाहें पूरी तरह निराधार हैं। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

चइत नवरातर के सतवां दिन्ने आजु मां दुर्गा के सतवां स्वरूप मां कालरात्रि क पूजा–अर्चना कइल जा रहल बा। येह मौका पर आजु तड़के से प्रदेस भर के देवी सक्तिपीठन आ देवी मंदिरन में सरधालु माता क दरसन–पूजन कइ रहल हवें।

**********

मौसम विभाग सत्ताइस मार्च के प्रदेस के पूरबी आ पच्छिमी इलाकन में कहीं–कहीं बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावन जतवले हौ। विभाग के मोताबिक पच्छिमी उत्तर प्रदेस में बिहनहूं ईहे हालति रहि सके ला।

**********